

Kiyès ki Kapab Pran Vaksen kont COVID-19?

Yo rekòmande vaksinasyon kont COVID-19 pou tout moun ki gen laj omwen 5 an. Ou kapab pran vaksen an si ou gen:

- ✓ Dyabèt
- ✓ Opresyon
- ✓ Kansè
- ✓ Maladi kè
- ✓ VIH
- ✓ Maladi ren
- ✓ Maladi fwa
- ✓ Alèji alimantè
- ✓ Alèji sezon, tankou alèji ak polenn
- ✓ Alèji ak medikaman ou pran nan bouch
- ✓ Pwoblèm boul san
- ✓ Te gen enfeksyon COVID-19 deja
- ✓ Lòt pwoblèm sante
- ✓ Ap planifye vin ansent, oswa ansent oswa ap bay tete

Li sitou enpòtan pou moun ki gen pwoblèm sante kwonik pran vaksen an, poutèt gen anpil ki gen pi gwo risk vin malad grav avèk COVID-19.

Sèl rezon ki gen dwa fè ou pa kapab pran vaksen kont COVID-19 se si ou fè alèji ak yon engredyan ki nan vaksen an oswa si ou te fè alèji grav ak yon dòz vaksen kont COVID-19 ou te pran anvan sa oswa ak yon lòt vaksen oswa ak yon medikaman nan piki. Menm si ou fè oswa te fè alèji, ou gen dwa kapab pran vaksen an kanmenm, men ou dwe pale ak pwofesyonèl medikal ou **anvan** ou pran li.

Vaksen kont COVID-19 yo **pa** gen aditif konsèvasyon ladan yo, ni latèks, ni ze, ni mèki, ni tisi fetis oswa selil moun, ni jelatin oswa lòt pwodui zannimo, ni antibiyotik, ni mikwochip. Pale avèk pwofesyonèl medikal ou si ou gen kesyon sou vaksinasyon.

Vaksen kont COVID-19 yo gratis, san danje epi yo efikas.
Pran vaksen an jodi a!

Pou plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/covidvaccine.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 11.15.21

**NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY**

NYC
Health

